

TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING SEKAWAN PRAPASKAH GKJ AMBARRUKMA - 15 MARET 2026 Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ungu, Stola/Logo/Simbol : Iwak/Ichtus)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori.

***Sakderengipun pangibadah, 3 (tiga) lilin ungu sampun murub,
saklajengipun Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.***

2. **Liturgos** :

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus,
Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan
sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Gangsal Welas Maret Kalih
Ewu Nemlikur** (15 Maret 2026), inggih menika Minggu Kaping Sekawan ing Mangsa
Prapaskah.

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan
ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan,
saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika,
ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun
undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa
ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber
cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-
irahan **“Sekawit Wuta Dados Permana”** badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita
Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan
Kristen Anyar Nemlikur, pada Setunggal lan Kalih (KPKA 26 : 1 + 2), “Puji Panuwun”**
pasamuwan kasuwun jumeneng

- | | |
|--|---|
| (1) Sumangga prakanca marek ngarsaning Gusti
anggunung asmanya wit sihe kang sejati
de krana Kang Putra kita tansah begja
siang dalah ratri Gusti kang ngrimati | (2) Yehuwah Makwasa kang paring kabingahan,
lan tentrem raharja dugeng jaman klanggengan,
krana Yesus Gusti maringken Roh Suci,
kita dados panggah mituhu mring Allah. |
|--|---|

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci
dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)*

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Prapaska punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : $\underbrace{5\ 7}_{A - min} | i . \underbrace{5\ 7}_{A - min} | i . \underbrace{5\ 4}_{A - min} | 3 . ||$

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

Lektor : Introitus kapethik saking: **Yokanan 9 : 9 - 34**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos** : “Pasamuwan ing tetunggalinipun Gusti Yesus, sumangga sesarengan kita repenaken kanthi sukarena kidung pepujen, **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Dasa Tiga, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 33 : 1 + 3), “Swawi Ta Kanca Kula”**

(1) Swawi ta kanca kula
sami memuji Allah
ing dinten puniki;
kula dipun paringi
bingah linuwih, bingah linuwih

(3) Swawi anglembana
Allah Kang Mawilasa;
sanadyan Ma-agung,
karsa miyarsakaken
pamuji kula, pamuji kula.

6. **Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Efesus 5 : 11**

“Aja melu-melu marang pratingkahe pepeteng kang ora metokake woh apa-apa. Nanging kosokbaline iku welehna.”

7. **Pacawisan Pamratobat**

Imam : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah Sang Rama paring pitedah supados kita sami mboten nderek pratingkahipun pepeteng, ananging kita tansah gesang dados pepadhang.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Sekawan Dasa Pitu, pada Setunggal lan Tiga (KPKA 47 : 1 + 3), “Gusti Pangungsen Kula”**

- (1) Gusti mugè mirsani nggen kula kesrakatan
kula mlajeng mring pundi namung dhateng Pangeran
nyuwun tulung dhuh Allah mugè nglanting kawula
sing sagung karibedan dimen pulih lejara.
- (3) Gusti dados pikekah miwah beteng kawula
karosannya tyang lungkrah pepadhangnya tyang wuta,
kula apes anglentrih Gusti maringi kiyat,
kula tyang kawlas asih tansah nyuwun sih rahmat.

8. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-pujia Gusti, Gustining umat sak isinipun. Puji panuwun sokur kawula unjukaken ing ngarsa Paduka Gusti. Sih kamulyan saha kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula. Ing pangibadah enjang menika, kanthi andhap asoring manah, kawula nelangsani sedaya dosa kawula, ing ngarsa Paduka. Gusti, kawula ngungsi ing Paduka Gusti. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan Paduka. Paduka nucekaken kawula saking sedaya pandamel dosa kawula menika. Nyuwun pitulungan saha pepadhang ing Roh Suci nuntun lampah gesang kawula. Keparenga kawula sami tansah angantya Paduka supados gesang kawula seget tumata, yekti tentrem raharja ing bumi peparang Paduka. Matemah, kawula saget nglajengaken gesang kawula lan netepi dhawuh timbalan Paduka kebak ing panganthi saking Gusti.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbanipun Gusti Yesus Kristus Panebus yekti, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Yokanan 20 : 29

Pangandikane Gusti Yesus: “Amarga kowe wus ndeleng Aku, temah kowe kumandel. Rahayu wong kang padha ora ndeleng, nanging kumandel.”

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Petrus 1 : 8

“Panjenengane kang koktresnani sanadyan ora tau kokdeleng sarta kokpracaya sanadyan saiki ora koksipati: Kowe padha sukarena, marga saka anane kabungahan kang mulya lan kang ora kena kinira-kira,”

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah ingkang kita pitados matemah kita tansah saget kumandel ing Panjenenganipun.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Kalih, pada Satunggal lan Kalih (KPJ 162 : 1 + 2), “Katur Ngarsa Paduka, Gusti” pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
 Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
 Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha kwasa.
- (2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
 Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
 Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Ngrepenakan Pepujen Tema Mangsa Prapaska

Kagem nyuraosi mangsa Prapaska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Masa Prapaska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Dalam Kasih SalibMu**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Ibu Dewi Monica Suryandari.

Yesus Kristus rela menderita
 Menanggung salib demi kita
 Dari belunggu dosa manusia
 Kita diselamatkan oleh kasihNya

Yesus berjalan di jalan luka
 Diam menanggung derita
 PengorbananNya membawa hidup
 Bagi manusia dan s'luruh ciptaanNya

Kini kita dipanggil Tuhan
 Hidup dalam perdamaian
 Saling mengampuni dan mengasihi
 Melayani dengan sepenuh hati
 Hingga akhir nanti

Kita pun dipanggil Tuhan
 Untuk merawat ciptaan
 Saling peduli saling menyanyangi
 Memperbarui ciptaan Ilahi
 Hingga akhir nanti

c) Pandhita : maosaken Yokanan 9 : 1 - 7; 35 - 41

d) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Hosiana.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 . 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . .
 Hosi - ana Hosi - ana Hosi - a - na

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irah-irahan: “Sekawit Wuta Dados Permana”

g) Ancas : Pasamuwan mbetahaken pepadhang kangge madhanggi gesangipun kadosdene Gusti Yesus rawuh ngasta padhangging pamulihan ing satengahing sedaya titahipun Gusti matemah saged dados pamulih tumrap alam raya menika.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang linuber berkah ing Sang Kristus Gusti. Kamirahan saha berkahipun Gusti tansah linuber lumintu ing gesang kita sami.

Pramila minangka cihnane raos sokur kita dumateng Gusti, sesarengan kita badhe ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang nersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking kitab **Jabur bab Tigang Dasa Sekawan ayat Sanga (Jabur 34 : 9)** ingkang mekaten suraosipun:

“Mara padha ngrasakna lan nyawanga sapira gedhene kasaenane Pangeran Yehuwah iku! Rahayu wong kang ngungsi marang Panjenengane!”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Satus Wolung Dasa Enem, pada Setunggal dumugi sakcekapipun (KPKA 186 : 1 -), “Pisungsung Konjuk Mring Gusti”**

- (1) Jagad nampik sihing Allah nyingkur mring Sang Pamarta
ning kula pracaya pasrah ngraosken sih rahmat nya.
Refr:
mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi wah sung pisungsung konjuk mring Gusti
ngaturken pratandha sokur krana berkahnya mancur.
- (2) Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,
kula bekti mring Sang Rama wit rinoban kabegjan,.....Refr:
- (3) Jagad manut rehing pati kang dugeng nraka langgeng,
kula tinuntun Roh Suci ing manah ayem tentrem,Refr:
- (4) Jagad remen ing pablunthah ngendhem sengit lan drengki,
kula'dadya putreng Allah mila tresna sesami,Refr:

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. *Pasamuwan kula suwun jumeneng*

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.

- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Sumangga sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Satus Pitung Dasa Setunggal, pada Setunggal lan Tiga (KPKA 171 : 1 + 3), “Utusaning Gusti”**

- (1) Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang sulayah
awrat ing panandhang mila nggresah samya semplah ing manah
Refr:
sumangga Gusti ngagem kawula mbabar tresna kang sanyata
sumangga Gusti ngutus kula numrahken berkah dhateng tyang kathah.
- (3) Ngundhangken Injil kratoning swarga klayan tumindak nyata,
pangluwaran sing kwasaning dosa temah gesang sembada.....Refr:

***Sakderengipun Imam nampi malih Kitab Suci saking Pengkhotbah,
Imam mejahi 1 (satunggal) lilin Prapaska (ungu) ingkang murub paling mandhap,
ngantos namung kantun 2 (kalih) lilin ungu lan 1 (satu) lilin pethak ingkang murub.***

- 17. Liturgos :** “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”